



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI ENKIBATÈ WOT TEKNOLOJI  
SOUTHERN TIER KOFFMAN NAN BINGHAMTON**

***Premye Enkibatè Biznis Wot Teknoloji Konte Broome nan Prewwa Kreye Plizyè  
Santèn Djòb pandan 10 Pwochen Ane yo***

***Pwojè a Sipòte Plan “Southern Tier Soaring” lan – ki se yon Inisyativ Pwojè  
Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) ki reyisi, pou  
Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, gran ouvèti Enkibatè Wot Teknoloji Southern Tier Koffman nan (Koffman Southern Tier High Technology Incubator), nan anba lavil Binghamton. Etablisman an, ki se premye nan kalite sa nan Konte Broome, ap bay yon ekosistèm antreprenaryal pou konpayi, k ap kreye djòb wot teknoloji pandan ane k ap vini yo. Pwojè a sou menm liy ak estrateji ki souliyen nan plan devlopman ekonomik Southern Tier Soaring rejyon an te devlope a, ki enkli yon konsantrasyon solid pou sipòte efò inovan yo.

“Yon evenman ki chanje sityasyon an pou Konte Broome ak kominote atravè rejyon an, Enkibatè Wot Teknoloji Southern Tier Koffman nan ap founi opòtinite rechèch ak devlopman pou biznis 21<sup>èm</sup> syèk yo, pandan l ap kreye yon anviwonman pou antreprenè yo pwospere epi devlope”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè n kontinye sipòte pwojè inovasyon tankou enkibatè teknoloji sa epi ankouraje kreyasyon djòb, administrasyon sa angaje pou garanti plan Southern Tier soars la pou ane k ap vini yo.”

Enkibatè Wot Teknoloji Southern Tier Koffman nan, ki prewva kreye yon enpak ekonomik lokal pou plis pase 6 milyon dola chak ane, pral bay enfrastrikti wot teknoloji pou jiska 12 konpayi ki santre sou rechèch ak devlopman nan enèji, mikwo-elektwonik ak swen sante. Etablisman 35,000 pye kare a, ki sitiye nan ang Hawley ak Carroll Streets, genyen ladan l, laboratwa sèk ak laboratwa mouye, ansanm avèk yon espas biwo laboratwa gran otè ak espas kolaborasyon. Laboratwa a te ekipe avèk enfrastrikti pou sipòte konpayi kap fè rechèch, yon enstalasyon demonstrasyon chanm lopital entelijan, ak devlopman ak fabrikasyon limyè nan domèn tankou enèji, elektwonik, anbalaj ak sante. Enkibatè a ap jere pa Southern Tier High Technology Incubator, Inc., yon afilye non-pwofi avèk Fondasyon Inivèsite Binghamton. Etablisman an loje egalman nouvo Pwogram SUNY Broome nan ki se Pon pou Ekselans Antreprenarya.

Pou sipòte pwojè sa, Southern Tier High Technology Incubator, Inc. garanti finansman 7 milyon dola ki soti nan Empire State Development; yon Sibvansyon 6 milyon dola, pou Defi 2020 (2020 Challenge Grant) ki soti nan SUNY Broome; 2 milyon dola ki soti nan Administrasyon Devlopman Ekonomik Ameriken (U.S. Economic Development Administration); 2 milyon dola ki soti nan Fondasyon Rechèch SUNY (SUNY Research Foundation); ak 2 milyon dola ki soti nan Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Broome (Broome County Industrial Development Agency). Anplis, gran non nan Enkibatè yo – ki se fanmi Koffman nan Binghamton – te fè yon don enpòtan pou sipòte avni pwogramasyon ak operasyon yo.

Nan nèf ane, yo prevwa pou enkibatè yo kreye plizyè santèn nouvo djòb atravè konstriksyon ak pèsonèl enkibatè, jèn konpayi nan wot teknoloji ak lokatè, e atravè nouvo anboch nan antrepriz sètifye ki sitiye nan gran kominote Binghamton.

**Direktè Egzekitif Enkibatè Wot Teknoloji Southern Tier Koffman, Sheila Doyle, te deklare:** “Nou emosyone ke nou ka jwe yon wòl vital nan pwosesis sa, lè n kreye fondasyon legal ak finansye ke enkibatè sa ka gen fondman sou yo, pandan n ap sipòte, pa sèlman misyon Inivèsite a, men misyon kominote an ann antye.”

**Prezidan Binghamton University an Harvey Stenger te deklare:** “Nou remèsye Gouvènè Andrew Cuomo ak tout ofisyèl eta nou an, ofisyèl lokal ak federal yo ki te pataje vizyon sa e ki te travay ansanm pou fè enkibatè sa vin yon reyalyte. Yon kantite enpòtan nan sipò finansye pou pwojè sa soti nan Eta New York atravè pwogram Konsèy Devlopman Rejyonal la (Regional Economic Development Council) ak NY SUNY 2020. Toulede pwogram yo sou pwèn pou fè investisman estratejik nan kominote nou yo e definitivman sa se yon investisman estratejik k ap rapòte dividand pou ane ak deseni k ap vini yo.”

**Prezidan SUNY Broome, Kevin Drumm, te deklare:** “SUNY Broome ak Binghamton University se patnè ki fyè de anpil pwojè, ki enkli Enkibatè Southern Tier Koffman nan. Enkibatè etidyan nou an ap ede rejyon an konsève jèn antreprenè kreyatif li yo epi ede favorize nouvo biznis enpòtan ak endistri fiti yo.”

**Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development Ian, Howard Zemsky te di:** “Enkibatè Wot Teknoloji Southern Tier Koffman nan ap favorize kreyasyon djòb epi ede kreye yon ekonomi rejyonal ki pi solid. Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, patenarya piblik-prive tankou sa yo ap mennen a plis opòtinite ekonomik pou tout Nouyòkè yo.”

**Rektè SUNY an, Nancy Zimpher te deklare:** “Kolaborasyon ant rechèch prive ak piblik sa se yon kolaborasyon kote tout moun genyen, pou byen rejyon Southern Tier la, e an patikilye pou etidyan nou yo k ap benefisye de afliyan nouvo ide ak finansman. Nou aplodi efò Gouvènè a pou bay ranfò ki nesèsè pou rechèch ak devlopman ekonomik.”

**Senatè Fred Akshar te di:** “Dis ane anvan, Sant Anba Lavil Binghamton University a te sisite yon nouvo epòk modènizasyon, devlopman ekonomik ak opòtinite nan sant iben

Binghamton nan. Ak gran ouvèti jodi a, kominote nou an apiye dinamik sa pou kreye nouvo opòtinite ekonomik nan sant anba lavil Binghamton nan.”

**Manm Asanble Donna Lupardo te di:** “Enkibatè Southern Tier Koffman nan ap sipòte devlopman yon kilti antreprenarya atravè rejyon an. Pandan plizyè ane, nou t ap souliyen enpòtans pou relye sektè akademik, gouvènman ak biznis pou ensite devlopman; enkibatè sa se yon egzanp reyisi de patenarya sa yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak tout patnè finansman yo pou kolaborasyon enpresyonan sa k ap ede antreprenè yo pran ide epi chanje yo an biznis ki reyisi.”

**Kad Egzekitif Konte Broome, Jason Garnar, te deklare:** “Lè w gade lis gwo konpayi ki louvri pòt yo nan Konte Broome, li fasil pou kontan pou etablisman sa k ap kreye plizyè douzèn nouvo biznis.”

**Majistra Binghamton nan, Richard C. David, te deklare:** “Enkibatè Anba Lavil Koffman nan te pote revitalizasyon katalitik nan vwazinaj sant vil Binghamton. Pandan n ap grandi antanke sant kiltirèl Southern Tier, investisman nan travay ak teknoloji inovan sa ap ede konsève etidyan talantye ak antreprenè yo pou devlope ekonomi nou an. Mwen voye remèsiman mwen bay Gouvènè Cuomo paske li mete investisman sa e ki santre nan Vil Binghamton.”

Pou plis enfòmasyon sou Enkibatè Wot Teknoloji Southern Tier Koffman nan, klike [isit la](#).

### **Akselere Southern Tier Soaring**

Anons jodi a vin konpleman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 3.1 milya dola nan rejyon an depi 2012 pou poze baz pou plan an - atire yon mendèv ki gen talan, devlope biznis ak favorize inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè Southern Tier Soaring ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalisation Eta a, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 10,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

